# Инхоса



# Г1алих1ажи

www.powerpointdesigns.net

**Дарсил мурад:** Инхоса Галих1ажиясул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби.

Чвахун ва бит1ун ц1алиялъул бажари борхизаби.

@ANHCHAT.NET

## Литературирияб викторина:

Гьал мухъал кинал асараздаса росаралали бице.

1.Къват1ул харбиеги харилъ борхьийги
Нухал къай хазина хисуларин дун.

2.Жеги бихьизе жо нахъе бук1ун буго гьведа бадибе г1анк1 г1адин, гьадабго рокьукъаб жанавар дандч1вана.

3.Талих1ги гьорол къоялъ х1елкил рач1 г1адаб жойин. щибин лъалеб, дидехун буссинеги бегьулин, айин нужго бичасул ц1обгун.

**Тестал.**

**1.Гипербола абула-**

а)Г1адамазул хасият,махщел,бажари х1айваназул хасиятлъун бихьизабиялда.

б)асаралъул бицен гьабулеб ишалъул яги багьадурасулхасият ц1акъго к1одо гьабун бихьизабиялда.

в)Т1атинч1еб дандекквей, цо предметалъе хасиятал г1аламатал цогиялде г1унт1изари.

**2.Къайицадахъал абураб маргьа ккола-**

а)Г1ажаибаб маргьа.

б)Х1айваназул х1укъалъулъ.

в)Рук1а-рахъиналъул маргьа.

3.Гьаб кици кинаб асаралъе эпиграфлъун босун бугеб:

« Цо чияс бо буц1ц1уна,
Цо чияс бо биххула».

а)Муг1рузул Г1али.
б)Кьурулъ хут1арав Г1али.
в)Халкъалъул ццин.

Х1ай.

Гьал асаразул ц1арал, х1арпал рекъезарун бит1ун ц1але.

«Яинчахти», «Лиашм», «Къалиб», «Х1к1к1илач1н», «Йакъцдлихъааа»

Х1алхьиялъул лах1зат.



# Ц1ияб дарс

# Инхоса Г1алих1ажи.

Инхоса Г1алих1ажияв ккола аваразул литературияб мац1 къач1арав. бергьарав раг1ул устар. Гьев гьавуна Гумбет районалъул Т1адинхо росулъ Гъазимух1амадил хъизаналъе. Г1алих1ажи вук1ана машгьурав шаг1ир.г1алим,г1акъил.Гьес жиндирго коч1ое бугеб махщел х1алт1изабулаан инсанасе кумекалъе, г1умруялда дандч1валел г1унгут1аби т1аг1инаризе.Гьесул цо-цо маг1на гъваридал раг1аби лъугьун руго кицабилъун. Гьесул бищун машгьурал раг1аби ккола
»Зах1мат бихьич1ого, рах1ат бокьарас,
Бекьич1ого лъилъе, нилъ гьеч1ого хур.
Гьев хвана Эндирей росулъ гьенив вукъунги вуго.
«Назмаби» абураб Г1алих1ажиясул куч1дузул т1ехь басмаялда бахъана 1972 соналъ.

# Г1алих1ажил мина.










## Словарияб х1алт1и

ч1аг1а- мехтизе гьекъолеб жо
гиби- щаг1ил хъаба
диван- суд

чукъби
чалма-
къади-шариг1а-
талъул судияв.

Кеч1 чвахун ва бит1ун ц1ализе.

Коч1ол анализ гьабизе.

1.Кинал будун дибирзаби авторас какулел ругел?
2.Кинал г1унгут1аби гьеб коч1олъ къват1ир ч1вазарун ругел?
3.Кинав чиха вук1ине кколев будун дибир?

**Будун дамдамаги**

Гьал куплеталъ лабиалиял гьаркьал ругел раг1аби рате ва хъвай.

Будун дамдамаги дибир гьороги,
Дибирасул дарсал к1и-к1иккун хваги.-
Хирияб х1адисан, х1акъаб каламан,
Х1иллачи ватула терелев харбид

Хиянаталъ кванан какал г1емер ран,
Кинаб божи асул алжан щвеялда?
Гьодорал харбаца халкъги нухда лъун,
Халатго инаро рек1араб чода.

Нагагь мискин щвани, диван къот1изе,
Дибир рокъов гьеч1о къади унтула.
Къали ролъул ц1урав халил вач1ани,
Цеве ккарас диван досул къот1ула.

Гьал куплеталъ г1емерлъул формаялда ругел предметиял ц1арал рате.

Къват1иб х1айван хут1ун балагьулезе
Бац1ил к1ал бухьуна, махьаги босун.
Бот1рониб лъай гьеч1ел кисан ратунги,
Сабабалги хъвала хъат т1охолалде.

Къади дибирилан дун-дунги бачун.
Чарал раг1абаца гуккун толел куц!
Кинабго гьеб балагь т1аде босизе
Бет1ер ч1аго бугес къасд гьабиларо.

Х1ай
Гьал алфазал данд рай:
Ват1анияб т1алаб т1обит1улаго.
Анищазул хур бекьана-баккич1о,
Нух бихьилалдего хьитал рукъун те.
Найица гьоц1о кьола,т1улби кир лъунаниги,
Рекъеч1еб бицарасда, бокьулареб раг1ула,

Гьобол вач1иналде рукъги лъухьун те.
Т1от1оца загьру кьола,зодоб бусен лъуниги.
Хиялазул чу рек1ана- билълъинч1о.
Т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1оченаро.
Хвачал ругъуналдаса раг1ул ругъун унтула.

Гьаб алфаз нужеда кин бич1ч1улебали хъвай.

Ват1анияб т1алаб т1обит1улаго,
Т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1оченаро.

Дарс щула гьаби.
 Гьал биографиялдаса предложениял лъуг1инаре.

Инхоса Г1алих1ажияв ккола………….
Гьев гьавуна……………………………...
Г1алих1ажи вук1ана…………………….
Гьесул маг1на гъваридал раг1аби……
Гьесул бищунго машгьурал раг1аби ккола…
Гьев хвана……………………………………
Назмаби абураб г1алих1ажил т1ехь…….

Сценка

Х1амица мал бай.

Проектияб х1алт1и.

Рокъобе х1алт1и.

Зах1мат бихьич1ого рах1ат бокьарас,
Бекьич1ого лъилъе нилъ гьеч1ого хур.

Гьаб алфазалда т1аса гьит1инабго сочинение хъвай.

Г1алих1ажил алфазазда т1аса суратал рахъе.